6. Миртожиев. М.М. Ўзбек тили семасиологияси. –Т.: “Mumtoz so’z”, 2010.
7. Худайберганова Д.С. Ўзбек тилидаги бадиий матнларнинг антропоцентрик талқини. Докторлик диссертацияси автореферати. –Т.: 2015, 18-б.
8. Шавкат Раҳмон Абадият оралаб. Сайланма. –Тошкент: 2012, 258-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада белгини билдирувчи сўзларнинг метафора ҳосил қилишдаги ўрни таҳлил қилинган. Шунингдек, Шавкат Раҳмон ижодида белгини билдирувчи метафораларнинг ҳосил бўлиш йўллари, тил воситаларидан унумли фойдаланиш имкониятлари ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье проанализировано место характерных слов, образующих метафору. А также, изучены способы образования характерных метафор в творчестве Шавката Рахмона, возможности рационального применения языковых средств.

**SUMMARY**

The article analyzes the role of qualitative words in the formation of metaphors. Also, the ways of formation of metaphors expressing the sign, the possibilities of effective use of language tools were studied, in the works of Shavkat Rahmon.


## Ádebiyattanıw

# КЕЎИЛ САНДЫҒЫНАН ЗЕР ШАШҚАН ШАЙЫР

(Т.Мәтмуратовтың өмири ҳәм дөретиўшилиги)


**К.Алламбергенов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Т.Матмуратов, лирик ва фалсафий шоир, ўгит-насиҳат, дидактик лирика, инсонпарварлик, фалсафий-этик лирика, лирик қаҳрамон, муаллиф образи, пейзаж лирикаси, публицистизм, лиро-эпик поэма, лиро-драматик поэма: «Яхшилик саройи», «Яхши одам юраги»

**Ключевые слова:** Т.Матмуратов, лирический поэт философ, нравоучение, дидактическая лирика, гуманизм, этико-философская лирика, лирический герой, образ автора, пейжазная лирика и публицистизм, лиро-эпическая поэма, лиро-драматическая поэма: «Жақслық сарайы», «Жақсы адамның жүреги».

**Key words:** T.Matmuratov, lyricist and philosophical poet, morality, didactic lyrics, humanity, philosophical-aethetic-lyrics, lyric hero, author’s charaster, landscape lyrics, publicism, lyric-epic poem, «Yahshilik saroy» (Palace of kindness), «Yahshi odam yuragi» (Heart of kingman).


*Бахыттың қуяшын парлатып кетиң,*
*Өмирдиң жулдызын жайнатып кетиң,*
*Мәңгилик естелик орнатып кетиң,*
*Мәңгилик уйқыға кетпестен бурын.*

Өзиниң бир қосығында усылайынша жазғанындай, ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкиллериниң бири Төлепберген Мәтмуратов, ҳақыйқатында да, әпиўайы, бирақ үлкен адамгершилик қәсийетлери менен де, жоқары адамгершиликти, ар-ҳүждан, жақсылықты, сап муҳаббатты жырлайтуғын жыллы лиризмге толы, нәзик сезимтал поэзиясы менен де тирилигинде өзине мәңгилик естелик қалдырып кеткен шын мәнисиндеги әдебий тулға, ҳақыйқый талант ийеси, үлкен ҳәриплер менен жазыўға ылайық әжайып инсан болды. Оның бул инсаныйлық, дөретиўшилик сыпатлары ўақтында замanласларын да қатты сүйсиндирди. Мәселен, Қарақалпақстан Халық жазыўшысы Ш.Сейтов ол ҳаққында оның «Жақсылық сарайы» томламына жазған алғы сөзинде «Сен көз жасындай мөлдир муҳаббаттың, таңғы шықтай таза ҳүжданның, асқар таўдай жоқары адамгершиликтиң, қара бастың ғамы ушын емес, пүткил адамзаттың ийгилигине бағышланған нандай ҳадал мийнеттиң мақпал даўыслы, бәлент лапызлы жыршысы единң» [8:3] деп еске түсирсе, профессор С.Баҳадырова «ол әдебиятта қайталанбайтуғын ҳақыйқый шайыр, ҳақыйқый инсан еди», «оның өмир жолы да, өзи де әпиўайы, тек ғана оның қосықлары әпиўайы емес еди...» [2:108] деп жазады. Бул пикирлерди белгили илимпаз Т.Мәмбетниязовтың изертлеўлери де тастыйықлап турады. Илимпаз өз изертлеўлеринде шайыр өзи өмирде қандай жақсы инсан болса, әдебий-көркем дөретиўшилик мийнетте де жақсылықтың әжайып жыршысы болғанлығын айрықша атап өтеди [6:111-112; 7:20-52].

Шайырдың өзиниң де, поэзиясының да усындай бир әжайып дүнья екенлигин ўақтында дурыс аңлай билген М.Нурмухаммедов [10:32] шайыр поэзиясының дәслепки дәўирлеринде-ақ бул поэзияның арнаўлы изертлеўге турарлық екенлигин атап өткен еди. Ўақтында С.Ахметов [1:125-128], Қ.Султанов [11:371-375], Қ.Камалов [5:11-12] усаған илимпазлар да оның дөретиўшилигине айрықша баҳа берди. 2000-жыллардың басында болса жас илимпаз Э.Ешниязова [4] шайыр поэзиясындағы шеберлик мәселеси бойынша арнаўлы илим изертлеў жумысын жуўмақласа, П.Дабыловтың [3] 2018-жылы жақланған диссертациясында шайыр поэзиясындағы лирик қаҳарман образының жаратылыў мәселеси қарастырылды.

Ҳақыйқатында да, Т.Мәтмуратов 60-жыллардың басында өз қатарлы қәлемлеслери Ш.Сейтов, У.Хожаназаров, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев, У.Пиржановлар менен бирликте нағыз ҳадалый инсан жүрегин тереңнен ашып беретуғын, өмирдиң мазмунын бийик ақыл-парасат пенен сәўлелендиретуғын эстетикалық сыпатлары мол лирикалары менен миллий поэзиямызға еркин ҳәм батыл түрде кирип келди. Оның гейпара қәлемлеслери соңынан поэзияны қойып, ямаса лирика менен көркем прозаны қатар алып барса да (Ш.Сейтов, К.Рахманов, У.Пиржанов), ал, Т.Мәтмуратов тийкарынан поэзия жолына садық болып, лирика тили менен «Жақсылық сарайын» салды. «Жақсы адамның жүреги»ниң сөз бенен сүўретин сызып оның ең жиңишке қан тамырларына шекем кирип бара алған, қосықлар, поэмалар дөретти. Өйткени, оның аталған лиро-эпикалық шығармалары қарақалпақ поэмашылығында айрықша жаңаша поэтикалық өзиншеликлердиң бетин ашты. Лирикалары болса мың сан жүреклерди жаўлап алып, лирикалық қаҳарманлардың ишки руўхый дүньясының ҳадаллығы, меҳирбанлығы, сап адамгершилиги, ойшаңлығы, бийик ақыл-парасатлылығы сыяқлы ең ағла унамлы қәсийетлерин сәўлелендирди. Әсиресе, оның пүткил поэтикалық жолы шығыс лирикасының терең гуманизм ҳәм бай пикир дүньясына қурылған ақыл-нәсият, этико-философиялық, дидактикалық сыпатларының жүдә зор екенлиги менен ажыралып турады.

Мине, әдебиятымызда усындай белгили орны бар, талантлы әжайып шайыр Т.Мәтмуратов 1939-жылы Қараөзек районында дийқан шаңарағында туўылды. Жаслайынан ата-анасынан жетим қалып, балалар үйинде тәрбияланды. Т.Мәтмуратовтың шайырлыққа, улыўма көркем дөретиўшиликке болған ықласы усы балалар үйинде тәрбияланып, оқыўшы болып оқып жүрген жылларында-ақ пайда болды. Мектепти питкериўден шайырлық жолды таңлап алғысы келип,

Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетине тапсырмақшы болды. Оның журналист, шайырлар таярлайтуғын оқыў орнының студенти болсам, деген бул әрманы 1958-жылы иске асты. Студентлик жылларында Т.Мәтмуратов жақсы әдебий орталыққа араласып, өзиниң курсласлары болған, соң өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкиллери болып жетилискен талантлы жазыўшы-шайырлар, журналистлер А.Арипов, Ш.Халмурзаев, К.Мәмбетов, С.Садықовлар менен жақын дөретиўшилик байланыста болды.

Т.Мәтмуратов университетти питкерген 1963-жылда шайыр сыпатында әдеўир ысылып қалған еди. Көп узамай оқыўшы журтшылығы оның дәслепки шайырлық саўғасы «Ақ терек пе, көк терек» (1964) пенен танысты.

Шайыр, мине, усы 60-жыллардың орталарынан басланған шайыршылық өнерин 70-жылларда әдеўир жетилистирди. Ол республикалық газеталарда, мәмлекетлик радиоеситтириў ҳәм телекөрсетиў комитетинде, соң «Әмиўдәрья» журналында әдебий хызметкер, бөлим баслығы, жуўаплы хаткер, бас редактордың орынбасары болып ислеген жылларында өз мийнет лаўазымларын қандай минсиз атқарған болса, өмириниң ақырына шекем лирикаға, поэзияға садық қалды, көп ғана қосықлар, поэмалар жазды, аўдармалар иследи. Шайыр қысқа өмириниң ишинде «Ақ терек пе, көк терек» (1964), «Лирика» (1966), «Гөззаллық оянды» (1970), «Айсәнем» (1973), «Ашылысыў» (1977), «Арзыў шәмени» (1981), «Жақсылық сарайы» (1986), «Жулдызлар жанар» (1989) қосықлар ҳәм поэмалар topламларын мийрас етип қалдырды. Оның рус тилинде де еки (1984, 1988) поэзиялық топламы басылып шықты. Ол Гетениң «Фауст» трагедиясын қарақалпақ тилине аўдарды. Т.Мәтмуратов 1986-жылы «Арзыў шәмени» поэтикалық топламы ҳәм «Жақсы адамның жүреги» поэмасы ушын ҚР Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды.

Әлбетте, бизиң усы мағлыўматларымыздан-ақ шайыр табыслары, өмирдеги пүткил инсаниятның алға умтылыслары менен унамлы жетискенликлери аңсатлық пенен қолға киргизилемегени сыяқлы, өз өзинен бирден пайда болмағанлығы толық аңласылып турады. Булай деўимиздиң себеби, Т.Мәтмуратовтың поэзиясындағы айтылған, биз сөз етежақ болған унамлы сыпатлар да өз ўақтында дәрҳал-ақ дурыс, объектив баҳасын толық алған жоқ. Ол ўақтында надурыс, субъектив сынға алынды. Бирақ, Т.Мәтмуратов өзиниң поэтикалық жолы менен идеялық-эстетикалық принциплерине садық болып, мудамы өз ишки көркем ой-пикирлерин принципиальлығы менен қәлем терберди. Сонлықтан да, ол өз өмирлик мақсетлери ҳәм көзқараслары туўралы лирик қаҳарманларының руўхыйлық сыпатларын дурыс ашыўға бағдарланған мынадай қатарларды жазып қалдырғанлығы баҳалы:

Алдым ба, я қалдырдым ба дос кеўилин,
Үйге қатал, досларыма бос кеўилим,
Дослар менен, қостар менен хош кеўилим,
Қатты кетсем, өзимди өзим қысарман.
…Асып кетсем кейин жеймен пушайман,
Сонда ғана мен өзиме усарман.

Мине, бул шайыр Т.Мәтмуратовтың ямаса оның типиклестирилген унамлы лирик қаҳарманының дәл өзи десек болады. Ҳақыйқатында да, әдебиятшы илимпазлар, лириканы атақлы изертлеўшилердиң дурыс көрсеткениндей-ақ, поэзиядағы лирик қаҳарман дегенимиз ең алды менен автор образының, шайырдың өзиниң ишки руўхый дүньясының терең ашылыўы деген сөз. Сонлықтан да шайырдың таза, ҳақ, ҳадал кеўил сандығы алтындай жарқырап турмаса, ал оның жасаған әдебий образлары да, кеўилге қонатуғын реалистлик сыпатлары да жалған сөзлер жыйындысы ғана болып қалатуғыны сөзсиз. Усы көзқараслардан, ҳәттеки, публицистикалық шақырық формасындағы қосықларда да шайыр – автор жүреги айқын көринис табыўы зәрүр. Мысалы, атақлы Қаҳарман шайыр И.Юсуповтың барлық публицистикалық қосықлары усындай шын жүрек төринен атылып шығып, сол дәўир руўхы менен социаль-психологиялық қәсийетлерине терең суўғарылған болып келеди.

Т.Мәтмуратов та поэзиядағы ҳәм жекке ойлаў өзгешелигинде тап усындай терең социаль - психологиялық сыпатлары, социаль ҳәм жәмийетлик руўхыйлық қәсийетлери басым келетуғын нағыз қарақалпақ халқының миллий шайыры. Оның лирикасының терең мазмунлы менен күш-қуўаты ең алды менен шайыр шығармаларындағы миллий психикалық сыпатларды терең ашыўында көзге түседи. Усындай қәсийетлер оның ҳәзир халыққа терең сиңисип, күн сайын нама қосығы сыпатында танылып қалған «Ўаҳа-ҳасы болмаса, қарақалпақ болмайды» ҳәм терең түсинип оқыўға ыңғайластырылып дөрелген «Ғаўқылдасқан қарақалпақлар» атлы лирикалары соңғы дәўирлердеги қарақалпақ лирикасында салмақлы орынларға ийе. Мысалы, сол қосықлардағы төменде келтирилгендей қатарлардың өзи миллий колорит пенен терең ойлы көркемлик детальлар арқалы дәўир шынлығын айрықша реализм менен ашқанлығы көплеген мийнетлерде еле жетерли айтылмай киятырғанлығы ашынарлы:

«Коммунизм» деген киятыр десип,
Бири, аўа, бири, тура тур! десип,
«Жақсылықты айтпаў гүнадур» десип,
Ғаўқылдасар кеште қарақалпақлар,
… Москва, Бакуден, Оштан, Шегеден,
Самолёт бортында, автобусларда,
Ғаўқылдасып келер қарақалпақлар…

Бизиңше, бул орынлардағы «коммунизм» сөзи ушын сол дәўирдеги идеологияға берилгенликте шайырды айыплаўға ҳәм усы қатарларды ўақыт өткен сайын оның шығармаларын қайта бастырыўда текстологиялық көзқараслардан өзгертип, «жақсылық», ямаса «ғәрезсизлик» деген сыяқлы шайыр ислетпеген лексикалық бирликлер менен алмастырыў қәте есапланады. Ал, буның орнына сол лексеманың образ жаратыўдағы, шайыр көзқарасларын ашып бериўдеги поэтикалық хызметин, оның философиялық, турмыслық пикирлеў өзиншеликлерин, сол тарийхый социаль-жәмийетлик шараяттың кемшилик, шекленген, қәте-дурыс таманларын терең түсиндириў мақсетке муўапық келеди.

Т.Мәтмуратов терең реализм менен суўғарылған лирик ҳәм философ шайыр еди. Мысалы, оның өз туўылған жери ҳаққындағы патриотлық темадағы мынадай қатарлары лирикалық бояўларының нәзик ҳәм қойылыўы менен ажыралып турады:

Аўылым, таныдың ба,
Баяғы жас баланы?
Шадлығым, анығында,
Өзиңнен басланады.

Қара үйде жатсамдағы,
Ойларым балалаған,
Қыялым аспандағы,
Жулдызды аралаған…

Күнлерим күлимледи,
Ойнадым Ай батқанша,
Ишлерим дүбирледи,
Бир бала ойнап қалса…

Бундай типтеги қатарлардың толып атырған фактлери оның ҳақыйқат лирик шайыр, қыял теңизине шүмген, ақыл-парасаты мол гуманист жүрекли инсан екенлигинен дерек береди. Ол усы сыпатлары менен бизди қоршаған орталықтағы түрли-түрли қубылыслар, пейзажлық картиналар менен тереңнен сырласады,

оларды, анығырағы, айқын сөйлете алады. Қараңыз:

Шуўылдап келип,
Жыбырлап келип,
Сыбырлап келген толқынлар,
Толқынлар, жаным, толқынлар!

Ямаса мынадай қатарларды алып қарайық:

Аўылдың дөгереги,
Жап-жасыл, жасыл-жасыл,
Ақ пахта жөнеледи,
Шадлығым машын-машын!
Тийелген машиналар,
Тартады ыныранып,
Гәрдийер бригадир,
Дүмпекте турып алып.
Тик өскен ақ тереги,
Кеўлимди бийиклеткен,
Қалайша бул жерлерди,
Көзлерим қыйып кеткен.

Мине, бул кешеги 90-жылларға дейинги тубалаў дәўириниң көринислери болса да, ол сол дәўир идеологиясы ямаса пахта монополиясы түсиниги менен суўғарылса да, бәрибир шайыр әпиўайы аўыл пейзажына жан ендирип, ҳәттеки, оған публицистикалық мотив ендиргени менен де, оның лиризмге терең суўғарылғаны оқыўшылар кеўлине жағымлы, унамлы көринетуғынлығын ҳеш ким бийкарлай алмайды. Расында, ыңыранып пахта тийелген машиналар менен көк кораблльерди де сағынғанымызды жасырыў қыйын…

Т.Мәтмуратов жоқарыдағыдай етип турмыс пенен өмирдеги елеспесиз нәрселерден, гейпара картиналық көринислерден де айрықша лирико-психологиялық түрде тәсирленип, гейде публицистикалық мазмунға да айрықша лиризмди арттырып сүўретлейтуғын қәлем ийеси екенлиги қызықтырады, олар оқыўшыларға өзгеше эстетикалық тәсир жасайды. Мысалы:

Тракторшы суўшы да,
Насосшы да қап-қара,
Бирақ, нурға қосып,
Суўға меҳирин,
Аппақлығын берер олар пахтаға…

Бул қатарларда дәўир колоритине бериўдеги тереңлик, лиро-философиялық мазмун айқын көзге тасланады, ямаса усы мазмунға да былайша публицистикалық сыпат берип, шығарманың турмысшаңлығын келтирип шығарады:

Сулыўым жылыслап қашып баратыр,
Кем-кемнен араны ашып баратыр,
Маған Арал емес, қосық киятыр,
Жалма жан изинен қуўсам болмай ма?!
Әмиў суўы ҳалласлаўда, бурқыўда,
Берилмей шаўқымға, қуры қыйқыўға,
Қумға аққан гәўҳар суўды бийҳуўда,
Өзиме қаратып бурсам болмай ма?!

Мине, шайыр Т.Мәтмуратов Әмиў, Арал мәселесин 70-жыллары-ақ басқа қәлемлеслеринен өзгеше түрде усылайша айрықша лиризм ҳәм жаңаша поэтикалық ой-пикирлер ағымы менен сәўлелендирген көркем сөз зергери еди.

Т.Мәтмуратов поэзиясы, соның ишинде лирикасы тематикалық жақтан жудә рәңбәрең. Оның қосықларында тәбият, туўылған жер темасы айрықша бир йош пенен жырланады. Т.Мәтмуратов «Жабаным-жасыл далам» дуркининде «Ана-жер толғаўы», «Ана жердиң гиясы», «Жуўсан», «Туўылған мәканға», «Саратан», «Ақтал», «Көклем қосығы» дөретпелеринде ўатан уллылығын, туўылған үлкениң гөззал тәбиятын сүўретлейди. «Қара таллар» қосығында:

*«Сырласым-қара таллар,*
*Бир нәрсе сыбырлаған,*
*Астында ақ отаўлар,*
*Шымшықлар жуғырлаған»,*

деп жырлайды шайыр ана тәбияттың усы гөззал, уйғын ҳалатын.

«Жап-жасыл, жасыл, жасыл» қосығында талант ийеси киндик қаны тамған қәдирли ата мәканын төмендегише тәрийп етеди:

*Шыртылдар қаўынлары,*
*«Тийсең, тек шытнарман» деп,*
*Шабдалы дәртке дәри,*
*Жийдеси шықлардан көп...*
*Жап бойы тереклери,*
*Ийилип ойға шүмген,*
*Аҳ, мениң өскен жерим,*
*Аҳ, мениң қыймас, ярым».*

Т.Мәтмуратов тәбият темасындағы усындай мазмундағы қосықларында тәбияттың тек мәзи бақлаўшысы, оннан руўхланыўшы әпиўайы инсан болып қалмастан, оның тәбийғыйлығы менен гөззаллығының, бир пүтинлигиниң, былайынша айтқанда, тәбият ҳәм инсан бирлигиниң тилеклеси, жанкүйери, үлкен адамгершиликли, сап ҳүжданлы терең толғанысларға толы лирик қаҳарман сыпатында да көзге тасланады. Бул лирик қаҳарман досты менен дәртлес, тәбият пенен сырлас бола отырып, өзин қоршаған барлық тәбият көринислеринен, пүткил әлем гөззаллығынан рәҳәтлене алады, оны тек өзи ғана билип, уғып қоймастан, бул гөззаллықты басқалар да билсе, укса, сезсе екен дейди, бундай қайталанбас шадлы демлер менен мәўритлерди пүткил инсаниятқа рәўа, мүнәсип көреди, сол ушын да ол барлық адамларды тәбият пенен ҳәмнәпес, уйғын болыўға, оны сүйиўге ҳәм қорғаўға шақырады.

Т.Мәтмуратов дөретиўшилигине тән және бир сыпатлы белги адамгершилик, инсан қәлбиниң тазалығы, өмирге қуштарлық, жақсылыққа жаны қумарлық, жаманлыққа қарсы гүрес, улыўма өмирге философиялық ой жуўыртыў оның пүткил поэзиясының баслы бағдарына айланып кеткен.

Мысалы, инсанның уллылығын сөз ететуғын «Сүйенеди адамға адам» қосығындағы

*Қапаланып тартқанда жәбир,*
*Сүйенеди адамға адам,*
*Қуўаныш та жалғызға аўыр.*
*Сүйенеди адамға адам,*
*Ғайры демей миллетин, ултын,*
*Алыс демей мәканын, журтын*
*Әне, сөйтип, бийғәрез бийпул,*
*Сүйенеди адамға адам,-*

деген қатарларда пүткил адамзат өмириниң мазмуны ашып бериледи. «Адамлар, адамлар», «Адам болыў», «Өмир толғаўы», «Елден артық болған жоқ», «Елден гина табылмас», «Дүнья», «Арзыр», «Жақсылықтың белгиси», «Болмаса», «Намыс», «Шырайлы» қосықларында да инсаният тарийхы, жақсылық және жаманлық ҳаққында пикир жүргизиледи. Усы бағыттағы «Бахыт», «Бәлентлик», «Уллы» қосықлары, «Күншығыс муқамлары» дүркими терең мазмунлылығы менен ажыралып турады. «Жүрек», «Кеўил», «Пүтинлик», «Нур ҳаққында қосық», «Бир тамшы шықты көрдим», «Сағынғанда», «Шайыр тәбияты», «Не аўыр», «Антей», «Аяныш», «Шыдамлылық» дөретпелери де усындай руўхта жазылған. Мысал ушын мына қатарлардың мәнисине бир пикир жүритип көрейик:

*Дәрья уллы болған сайын,*
*Ағыслары ийримлирек.*
*Адам уллы болған сайын,*
*Мийримлирек.*

***

*Басқа атлар шапқан ўағында,*
*Өз үйирин ол да сағынар.*
*Делебеси қозып оның да,*
*Гүлдир-гүлдир киснер жаныўар.*

Шайыр үлкен инсаныйлық пазыйлетлер ҳаққындағы бул қосықларында буннан бурынғы шығармаларында қолланылмаған сүўретлеўдиң жаңа усылларын дөретиўшилик пенен шебер ислетеди. Әсиресе, адамлардағы жақсы-жаман пазыйлетлер жыр етилетуғын орынларда өмир ўақыяларын деталластырып, бир-бирине контраст қойып сүўретлеў арқалы оннан үлкен философиялық мәнилер шығарыў шеберлиги айрықша көзге тасланады. Оның бундай усылдан пайдаланып жазылған көпшилик шығармаларында кишипейиллик пенен менменлик, пәклик пенен нәпәклик, уллылық пенен келтепәмлик, улыўма, адам бойындағы жаман-жақсы пазыйлетлер бир-бирине қарама-қарсы қойып сүўретленип, жақсы нәрселердиң, жақсы адамлардың, жақсылықтың ҳәммесинен үстин туратуғынлығы айрықша пафоста көтериңки руўхта көрсетип бериледи. Сол ушын да ол бундай тематикадағы қосықларының көпшилигинде «Адамгершиликке абайлы болың!» дегендей үлкен инсаныйлық шақырықларды ортаға таслап, өзиниң де усындай жақсы пазыйлетлерге ийе үлкен жүрек ийеси, адамгершиликли, ар-ҳүждан, жақсылық ҳәм пәклик жыршысы екенлиги менен көзге тасланып турады.

Т.Мәтмуратов нәзик лирикада миллий үрп-әдет, миллий минез-қулықты сүўретлеп бериўге де оғада шебер шайыр. Усы мазмунда «Ғаўқылдасар қарақалпақлар», «Күлки деген мүлки бар» шығармалары қызықлы оқылады. «Көзлерим жолында», «Саған мегземес», «:үш ай болды», «Жигит отыр гүл дийдарға қараған», «Сен өзиң», «Күтиў», «Бул ақшам», «Сениң келгениң» дөретпелери адам сезимлериниң уллылығын жыр етеди. Шайыр алтылықлар, төртликлер, эпиграммалар жазды.

Т.Мәтмуратов эпикалық поэзияда да әдеўир танылған шайыр. «Перийзат», «Айсәнем», «Урыс дәртлери», «Садықлық», «Ғаррының әңгимеси», «Мениң жулдызым», «Жақсы адамның жүреги» сыяқлы бир қатар лирикалық, лиро-эпикалық, драмалық поэмалардың авторы. Оның «Айсәнем» (1967), «Перийзат» (1973) поэмалары лирикалық поэмалар болып табылады. Муҳаббат темасы бул еки поэманың да тийкарғы сюжетлик өзегин қурайды. «Садықлық», «Ғаррының тәғдири» поэмаларында болса конкрет қаҳарманлар образын эпикалық жобада ашып бериўге умтылыўшылық бар. Мәселен, «Садықлық» [9:95-99] поэмасында урыс дәўириндеги жас жубайлар Гүлзийба менен Қунназардың тәғдири сүўретленеди. Гүлзийба ел-журтын қорғаўға атланған Қунназардың қазаланғанлығы жөнинде «қара қағаз» алса да, оны өмир бойы күтеди, улын ержеттирип, адам қатарына қосады. Поэмада сабырлылық, мәртлик, адамгершилик усаған пазыйлетлер оның турмыс қыйыншылықларына қарсы төзимли гүресинде айқын сәўлелениў табады.

*Үйге жүр, деп әке келди,*
*Үйге жүр, деп шеше келди,*
*Баўырына басып улын*
*Жесир күни кеше берди.*
*Жаўынгердиң шаңарағын*
*Жығып қалай кетермен, деп,*
*Оның бала-шағаларын*
*Қыйып қалай кетермен, деп...*

***

*Көз алдына елеслетип,*
*Яр дийдарын сағынады.*
*Яры жоғы тур-аў өтип*
*Басқа бәри табылады.*
*«Қой, кеўилим, әззи болма,*
*Қапаланып, қамықпағыл,*
*Қуўанышқа қанат қомла,*
*Яр күтиўден жалықпағыл» [9:95].*

«Қунназардың хатлары» бөлиминде ўатан ушын душпанға қарсы шығып, қолына қурал алған жаўынгер жигит келбети оның елге, халыққа, ўатанға, ата-анаға, сүйикли ярына, перзентине деген муҳаббат сезимлерин ашып көрсетиў арқалы көркем жасады:

*«Қурал алдым қолларыма,*
*Елим ушын, сүйиклим,*
*Душпан келген бағларыма,*
*Өлим ушын, сүйиклим.*
*Атланғанман жаўларыма*
*Жеңиў ушын, сүйиклим.*
*Атланғанман жаўларыма*
*Сениң ушын, сүйиклим,*
*Сен қарай бер жолларыма*
*Мениң ушын, сүйиклим».*

***

*«Муздай қарды төсек етип,*
*Муздай тасты дастандым,*
*Қәдири өтти тынышлықтың,*
*Қәдири өтти қостардың» [9:98].*

«Урыс дәртлери» поэмасына ХХ әсирдиң баслы тарийхый ҳәдийселери тийкар қылып алынған, онда урыс майыбы, Ақ жаўлықлы ҳаял, Қара жаўлықлы ҳаял, Почтальон тийкарғы қаҳарманлар сыпатында сәўлелениў табады. Шайыр поэмада ҳәр бир қаҳарманның ишки кеширмелерин өзлериниң тилинде жүрек дебдиўлери арқалы оғада исенимли ҳәм көркем етип сүўретлеп бере алған. Мысалы, урыс майыбының монологындағы қайғылы сыпатқа кимниң де болса жаны ашымай тура алмайды:

*«Мен бийкарға оқлар атпадым,*
*Мен бийкарға майып болмадым,*
*Не суўларды кештим, баппадым,*
*Не отларды кештим, жанбадым...»*

Ақ жаўлықлы ҳаял тилинен баян етилген сөзлер сол дәўирдеги ҳаял-қызларымыздың мәртлигинен, трагик ҳалатынан дерек берип турады.

*«Төрт жыл бойы көзлер төрт болып,*
*Биз күткенбиз кеткен ерлерди,*
*Кеўил сандығына дәрт толып,*
*Сағынғанбыз бесик тербеўди».*

Көрип отырғанымыздай, еки поэмада шайыр лирикалық Мен – биринши бет арқалы иштен толғандырып сүўретлеў усылынан пухта пайдаланып, шығарманың эпикалық сыпатына лирикалық сыпатта қарыстырып жиберип, жүйи билинбестен бир пүтин синтезлик көркем форманы асқан бир шеберликте жарата алған. Поэмалар бас қаҳарманлары төмендеги индивидуаллық (ишки монологлар ҳәм т.б.) лирикалық сыпаттың тереңлесиўине хызмет етип турғанындай, авторлық объектив баянлаўларды бул шығармалардың эпикалық сыпат ийелеўин де толық тәмийинлеп тур. Сол ушын да бул шығарма қаҳарманлары образына лиро-эпикалық образлар деп баҳа берип, олардың екеўин де «лиро-эпикалық поэмалар» қатарына жатқарса болады.

Т.Мәтмуратов 1985-жылы «Мениң жулдызым» поэмасын китап оқыўшыларына усынды («Әмиўдәрья», №3). Дөретпе ўақыялары Биринши адам, Екинши адам, үшинши адам, Қуяш, Әбеший рух, Халайық ҳәм Феникс тиллеринде өзиниң тәсирли, көркем сәўлелениўин табады. Поэмада Биринши адамның ана-жер ҳаққындағы толғанныслары дыққатқа ылайық берилген:

*«-Жер-айым бесик ғой, билиўиң дәркар,*
*Барлық адамзатты тербетип атыр.*
*Оннан камал таўып нешше әўладлар,*
*Оның қушағында ержетип атыр».*

Биринши адам поэмада планетада парахатшылық, келешек ушын гүресшең сыпатында көзге тасланады. Екинши адам өз пайдасын ғана ойлайды:

*«-Айтпақшы тағы да ядыма түсти,*
*Алтын жүзигимди жоғалтып алдым,*
*Гәп қылып қәйтемиз жерди, урысты,*
*Өзиме жетеди, өзимниң қайғым...*
*Жер үстине апат дөнген ўақларда,*

*Не ислей аламыз? Илаж бар қанша?*
*Ушып кетер едим басқа жақларға,*
*Егер де қус киби қанатым болса»*

Поэмада Биринши адам арқалы ортаға тасланған ана-жердиң қәдирине жетиў, оны көздиң қарашығындай сақлаў, салқын урыс-ядро апатшылығының алдын алыў ҳаққындағы баслы идеяны шәртли абстракт символлық персонаж Саза толықтырып турады.

Саза арқалы жердиң адамзат ушын қәдирлилиги белгиленеди:

*«-Сен өзиңсең тиришилик уясы,*
*Өмир болып тауланады мың ирең.*
*Барлығы да сум урыстың салдары,*
*О, Ана-Жер, гүңирен, сен гүңирен».*
*«-Басын алыў керек уўлы жыланның,*
*Уўлы силекейи тамбастан бурын,*
*Урыс апатының алыңлар алдын,*
*Ана жер жалынлап жамбастан бурын»*

Поэмада Ана жердиң монологы тәсирли бериледи:

*«-Барлығын да сезе билемен,*
*Адамларды мен де сынайман,*
*Қуўаныштан мен де күлемен,*
*Ҳәсиреттен мен де жылайман.*
*Адамларды туўғанман өзим,*
*Узақ-узақ өмир көрсин деп,*
*Туўмағанман, ҳасла оларды*
*Бир-бирине азап берсин деп».*

Қуяштың тилинен ХХ әсирдеги адамзат тәғдири, оның келешеги ҳаққында ой толғаныслары бериледи:

*«-Адамзат анасы тәшўишин шегер,*
*Жер-алтын жулдызым, мениң өз балам.*
*Адамзат меҳирин төкпесе, егер,*
*Жансыз планета болар музлаған.*
*Қуўанаман мениң шашқан нурымнан,*
*Ана-жерде гия өссе, гүл өссе,*
*Қуўанаман Ана-Жерде туўылған,*
*Барлық адам жақты ушын гүрессе».*

Поэма күшли оптимистлик руўх пенен суўғарылған. Биринши аламанның:

*«-Қайғыларды қыйратамыз,*
*Бахыт нурын себемиз.*
*Жақсылықты орнатамыз,*
*Жаманлықты жеңемиз»,*

-деген жуўмақлары XXI әсирге исеним пайда етеди. Екинши аламан да усы исеним менен адамзат келешегине жақсы тилеклер тилейди:

*«-Бузылмасын ҳеш уялар,*
*Бағда гүллер солмасын,*
*Перзенти өлип аналар,*
*Зары-гирян болмасын».*

Үшинши аламан халайық та биринши, екинши аламанның бул пикирлерин қуўатлайды.

Поэмада инсаныяттың дослық, тилеклеслик, аўызбиршиликтей уллы сезимлерине ҳеш қандай күш қарсы келе алмайтуғынын түсинип, ҳеш қарсы илаж ислей алмай ҳарып-шаршаған әбеший руўхтың әбигер руўхый ҳалаты төмендегише тәрипленеди:

*«-Жаманлық жолынан ҳәммеси безип,*
*Жақсылық жолына ҳәмме қосылар,*
*Кеўлимди ўайранлап, баўырымды езип,*
*Жанымды жегидей жейди усылар».*

Феникстиң сөзлери әбеший руўхқа қарсы. Ол бул бирликти өмирдиң уллылығын, мәңгилигин тастыйықлап турады

*«-Адамлар, адамлар, жүрмеңлер налып,*
*Мен өмир мәңгилик екенин билдим.*
*Күл болдым, күл болдым. Қайта тирилдим.*
*Өлимди жеңемен талай қатырып,*
*Мен өмир қусыман, қүдиретли күшпен.*
*Өмир дөретилсин, жанып атырсам,*
*Ҳәр қашан әжелден тураман үстем,*
*Қүдиретли халайық,*
*Мен сизлер менен!»*

Жанрлық жақтан бул шығарманы драмалық поэма ретинде баҳалаўға болады. Қаҳарманлардың монологлары, диалоглар ҳәм прологлар арқалы тарийхый ўақыялар ҳаққында пикир билдириледи: Эйнштейнниң тәғдири, Америкада, Германияда жүзеге келген сиясий шараят жөнинде мағлыўмат бериледи. Шайырдың шеберлиги поэмаға қаҳарман таңлаўда, образ жасаўда көринеди, өтмиш, ҳәзирги заман ҳәм келешек бир сахнада жәмленеди, персонажлардың ўақыт және кеңислик бойынша ҳәрекетлери еркин тәмийин етилген.

Қулласы, бул поэма идеялық мазмуны бойынша да, көркем формасы жағынан да 80-жыллар поэмаларының ең көркем туўындыларының бири есапланады, онда дәўирдиң баслы машқаласы- урыс ҳәм парахатшылық, ана- жерди ядро апатынан аман сақлап қалыў усаған мәселелер оғада бир шеберлик пенен көркем сәўлелениўин тапқан.

«Жақсы адамның жүреги» поэмасы да өзиниң ортаға қойған идеясының уллылығы менен характерленип турады. Онда жақсылықты улығлаў, жаманлыққа қарсы гүресиў идеясы ҳәммесинен үстин етип берилген. Шайырдың жақсы адамлар халықтың сүйиўшилигине, иззет-ҳүрметине бөлениўи керек, олар өлсе де, олардың даңқы, иси өлмеўи тийис, деген шақырығына толық қосылыўға болады.

«Жақсы адамның жүреги» (1983) поэмасы, айырым сыншылардың көрсетиўинше, драмалық поэма болып есапланады [7:41]. Сюжетке тийкар етип алынған ўақыялар бес көринистен ибарат болып, адамлардың драмалық формадағы бетпе-бет сөйлесиўи арқалы баянланып отырады.

Поэманың биринши сахналық көринисинде сүўретленгениндей емлеўхананың хирургия бөлимине еки наўқас түседи. Биреўи автомашина авариясы ақыбетинен жулыны үзилген, бирақ, жүреги саў, соңынан өледи. Екиншиси журек аўырыўына шалынып, өлим ҳалатында жатырған адам. Профессор операция жолы менен аўырыў жүректи алып таслап, орнына жулыны узилген адамның саў жүрегин салажақ болады. Мийирбийке қыз буған қарсы турады. Себеби, жулыны үзилип өлген адам оның, мектепте оқытқан муғаллими, ол өмирде ҳәр тәреплеме билимли, адамгершиликли, жақсы адам сыпатында из қалдырған болса, ал, жүреги аўырыў адам парахор, өзинен зорларға жағымпаз, өзинен әззилерге менмен, барып турған жаман адам еди. «Жақсы адамның жүрегин жаман адамға зая етиўге болмайды»,-дейди биринши мийирбийке.

Поэмада биринши мийирбийкениң образы ҳақыйқатлық, ҳадаллық, жақсылық ушын гүресшең қаҳарман сыпатында ҳәр тәреплеме исенимли жаратылған. Ол жақсы адамның жүрегиниң бир нәкас адамға өткерилетуғын хабарын еситиўден-ақ бул иске тис-тырнағы менен қарсы болады:

*Көнип тураман ба, қәйтемен енди,*
*Яқ, мен булай етип қоймаўым керек,*
*Ҳүжданым бар болса, өз ролимди*
*Ҳүжданлы адамдай ойнаўым керек.*

Ҳақыйқатында да, мийирбийке өз хызметин ҳәм парызын усылай атқарыўға ҳәрекет етеди:

*Аўа, сондай таза, ҳадал жүрек ол,*
*Бирақ та өз ийесине дерек ол.*

Бирақ, профессор ҳәм биринши шыпакер оның бул пикирлери менен есапласқысы келмейди. Поэманың тийкарғы конфликти де, мине, усы гүреске, яғный поэма қаҳарманларының жақсылыққа, ийгиликли иске қатнасы, көзқарасына байланыслы келип шығады. Профессор ҳәм биринши шыпакер, әсиресе бас шыпакер бул операцияны медициналық нызам көзқарасынан ийгиликли ис, әжайып жаңалық деп ойлайды. Жақсы адамның жүрегиниң сырын жақсы билген биринши мийирбийке болса олардың бул ҳәрекетин адамгерши

ликке қайшы келетуғын жынаятлы ис деп есаплайды:

*Жақсының жүрегин жаманға берсе,*
*Ийгилик ис емес, жынаят ғой бул!*

Жақсы адамның тәрбиясында болған биринши мийирбийкениң де жүреги, жаны таза жан, сол ушын да оның жаманлыққа жаны төзбейди, оған қарсы қайтпай гүреседи:

*Бул жүректиң зая болғанын көрип,*
*Өксип жылайын ба? Жыламайман, яқ!*
*Оны бир нәкасқа салғанын көрип,*
*Мен қалай шыдайман? Шыдамайман, яқ!*

Деген менен, ол жақсы адамның жүрегин жүрек ийеси денесинде қалдырыўға қанша ҳәрекет еткени менен, профессор менен биринши шыпакер оны «Сен үйретпе, пухта бол өз исиңе!», «Сөйлеме, бәр-әй!», «Берман бер жүректи, үйижаңғыр, ақмақ!» дегендей сөзлер менен қуўып салып, өзлериниң ўазыйпалы жумысын бәржай қылады. Ақыры, олардың (бас хирург, профессор Нурылла Нәбиевтиң) «хызмети» менен жақсы адамның жүреги парахор, нәкас адам Зарымбет Әбеновтың денесине орнатылады.

Шайыр қаҳарманлар образындағы усы сыпатлы белгилерди ашып көрсетиў арқалы поэма жуўмағында төмендегидей үлкен инсаныйлық идеяларды ортаға таслайды:

*Жақсыны ҳүрметлеңлер тири гезинде,*
*Жақсы сөзлерге ҳәм гүлге бөлеңлер!*
*Жүрегине тиймең, турсын өзинде,*
*Ҳәтте, өлгенде де жәбирлемеңлер!*
*Болса да қолында әжайып өнер,*
*Жүрегин нәкасқа берип хор етпе!*
*Руўхын тирилтпек болсаңыз, егер,*
*Естелик ортаның жақсы жүрекке! [7:117]*

Поэма усы ортаға қойылған машқаланың турмыслық тийкарларының кескин драмалық конфликтлерге қурылғанлығы, яғный шығарма сюжети менен композицияның драмалық сыпат ийелеўи менен де 80-жыллар қарақалпақ поэзиясындағы жанрлық, формалық жаңалықлардан болды. Бул сыпат биз дәслеп сөз еткен «Мениң жулдызым» поэмасының да баслы жанрлық өзгешелик белгилеринен есапланды. Қулласы, бул еки поэма өзиниң көтерип шыққан машқалаларының әҳмийети, жанрлық, формалық, көркемлик дәрежесиниң жоқарылығы менен тек 80-жыллардағы Т.Мәтмуратов поэзиясындағы өсиўшиликти аңлатып қоймастан, усы жыллардағы қарақалпақ эпикалық поэзиясының да өсиў дәрежесин аңлатып туратуғын салмақ тасы аўыр көркем дөретпелерден болды. Бул поэмалардың жақсы адамлардың жүреги менен бирге жер жүзиндеги тынышлықты парахатшылықты сақлап қалыўдай уллы идеяларды ортаға қойған жақсылыққа жаны қумар шайырдың инсаный пәк руўхый келбетиниң көриниси ҳәм жемиси болып көзге тасланып туратуғынлығына да ҳеш қандай шек келтириўге болмайды.

Жуўмақлап айтқанда, Т.Мәтмуратов ХХ әсирдиң 60-80-жылларындағы қарақалпақ поэзиясында өзинше жолы бар лирик ҳәм философ шайыр сыпатында ғана көзге түсип қоймастан, өзиниң адамгершилик ҳәм улыўма инсаныйлық машқалаларды сәўлелендирген лирикалық ҳәм эпикалық поэзиясы менен «кеўил сандығынан зер шашқан», жақсылық сарайы – жақсы адамлар жүрегин сөз еткен уллы гуманист сөз шебери де болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Ахметов С.Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988, 371-375-б.
2. Баҳадырова С. Ол жақсылық жыршысы еди. // «Әмудәрья», 1989, №9, 107-108-б.
3. Дабылов П. Қорақалпоқ шеъриятида лирик қаҳрамон образининг яратилиш хусусиятлари. Филол. фанлари бўйича филос. доктори (PhD) дисс.автореф. –Нукус: 2018.
4. Ешниязова Э. Поэтическое мастерство Т.Матмуратова. Автореф.канд. дисс. –Нукус: 2003.
5. Камалов Қ. Дала бүркити. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990, 11-12-б.
6. Мәмбетниязов Т. Т.Мәтмуратовтың жаңа топламы туўралы. // «Әмудәрья», 1987, №7, 111-112-б.
7. Мәмбетниязов Т. Поэзия-турмыс, гүрес ҳәм талпыныў. –Нөкис: «Билим», 1993, 20-52-б.
8. Мәтмуратов Т. Жақсылық сарайы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 3-б.
9. Мәтмуратов Т.Садықлық. // «Әмудәрья», 1989, №11, 95-99-б.
10. Нурмухамедов М. Каракалпакская поэзия. (Краткий очерк). –Ташкент: «Фан», 1977. -С.32.
11. Султанов Қ. Инсан қудирети. –Нөкис: «Билим», 1992, 125-128-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ХХ аср қорақалпоқ назмининг атоқли вакили Т.Матмуратов ҳаёти, лирик, эпик, асарлари кенг таҳлил этилиб, унинг донишманд лириклиги, инсонпарвар ва ватанпарвар шоир сифатидаги адабий портрети кенг диапазонда очиб берилади. Муаллиф шоир ижодининг ушбу хусусиятларидан келиб чиққан ҳолда унинг инсонларни эзгуликка чорловчи қалб хазинасидан порлоқ нур сочган лирик ва файласуф шоир эканлигини ҳар томонлама ишончли далиллайди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируется жизнь, творчество, лирика, эпические произведения знаменитого представителя каракалпакской литературы ХХ века Т.Матмуратова. В широком диапозоне поэт рассматривается как мудрец, лирик, гуманист и патриот. Автор на основе вышеуказанных качеств писателя всестороне доказывает что он является лириком и философом который в произведениях призывает к благодеянию и к чистоте души.

**SUMMARY**

The given article deals with analyses of life, work, lyrics, epics of well-know representative of the karakalpak literature of XX century T.Matmuratov. Poet is described in wide range as thinker, lyrics, humanist and patriot. Author on the basis of the given qualities proves in details that poet was lyrics and philosopher, who leads people to kindnese and pure soul.